

**OFANS KI NAN KATEGORI KRIM MAJÈ NAN FLORID – KONSEKANS KONDANASYON
OSWA YON VÈDIK KE W KOUPAB**

1. Lè yo te arete w la, yo te pran anprent dijital ou ak foto w. Yo te transmèt enfòmasyon sa yo bay (FDLE) (Depatman polis eta Florid). Yo te voye yo bay FBI tou.
2. Dosye arestasyon w lan pa prive, li pa konfidansyèl.
3. Se dapre ki kalite akizasyon an, kijan kòz la te konkli nan tribinal, epi ki longè dosye ou deja genyen, pou w konnen si l ap posib ou pa pou w fè fèmèn dosye w nan achiv.
4. Ou pa p kapab efase dosye arestasyon w lan nan FBI paske FBI pa konn efase dosye arestasyon.
5. Lè yo ba w CTS ("Credit time served"), sa pa vle di yo te annile ka w la. Okontrè, sa vle di ke w te plede koupab oswa jij la te twouve w koupab.
6. Piske dosye kriminèl yon moun se yon livouvè pou piblik la, anpil mèt kay rive jwenn dosye kriminèl moun ki vle lwe kay nan men yo. Yo gen dwa refize lwe w, anfèmèn w kay oswa apatman.
7. Dosye arestasyon w lan pa disparèt jis paske jij la akòde w yon "withhold of adjudication".
8. Jij la kapab ekzije w bay yon echantyon ADN paske li jwenn ou koupab de yon krim, oswa paske la p akòde w yon "withhold".
9. Li posib ke w pa kapab vizite oswa abite avèk yon moun k ap viv nan yon lojman leta oswa "Section 8".
10. Li posib ke yo sispann lisans ou si yo jwenn ou koupab de yon kòz ki gen rapò ak dwòg.
11. Li posib ke w pa kapab antre nan militè, depandan de ki kalite ak ki kantite kòz ou deja pase nan tribinal. Ou pa kapab antre nan militè oswa devni yon ajan leta k ap fè aplike lalwa si yo jwenn ou se yon delenkan oswa w koupab de vyolans domestik (misdemeanor oswa felony).
12. Si yo kondane w, ou pa p kapab jwenn èd finansyè inivèsite Eta Florid (Bright Futures, Gold Seal Vocational & Academic Scholars).
13. Ou pa p kapab jwenn èd finansyè federal bay etidyan (sibvansyon, prè lajan, oswa travay sou kanmpis inivèsite), pandan yon tan, si yo te jwenn ou koupab de posesyon oswa vant yon sibstans entèdi pandan w ap resevwa èd finansyè a.
14. Si yo jwenn ou koupab, ou pa p kapab fè demand pou yo fèmèn/efase dosye kriminèl ou a nan achiv.
15. Si yo deklare w koupab, w ap pèdi dwa vòt ou, ou pap ka travay nan fonksyon piblik, ou pap ka manm jiri, ou pap ka ni genyen ni posede zamafe oubyen pote zam sou ou depi ou te gen 18 oswa plis nan moman ke yo tap kondane w.
16. Ou pa p kalifye pou food stamp si yo rekonèt ou koupab de trafik dwòg.

YO EKRI DOKIMAN SILA A POU REZON EDIKATIF SÈLMAN E LI PA REPREZANTE KONSÈY LEGAL.

17. Yo gen dwa ba w santans obligatwa pou mete w nan penitansye oswa prizon pwochenn fwa ou komèt yon deli minè oswa yon deli majè. Si w te gen yon kondanasyon pou yon krim majè deja, mèm si se te pandan ou te gen laj minè sa kapab la kòz yo fè w fè plis tan nan prizon oswa pou yo mande w pou sibi yon santans obligatwa.
18. Li posib ke w pa kapab jwenn travay:
 - nan eta a oswa minisipalite a si yo te jwenn ou koupab de trafik dwòg, de yon felony, oubyen de yon misdemeanor premye degre ki gen rapò dirèk ak djòb la;
 - nan yon county oswa minisipalite (si djòb la enpòtan anpil pou sekirite piblik);
 - òganis ki okipe de lòd piblik, prizon, plis lòt biwo k ap travay ak timoun oswa moun aje;
 - lekòl leta, pò maritim, aewopò.
19. Yo kapab sèvi ak kondanasyon an kont ou pou demontre ke w pa moun kredib si w bay temwànaj nan yon kòz.
20. Yo kapab afiche foto w sou sit entènèt Depatman Koreksyon Florid la, si yo ba w pwobasyon oswa yo voye w nan prizon eta a.
21. Y ap pran pèmi pwofesyonèl ou nan men w si yo jwenn ou koupab de vant dwòg.
22. Yo gendwa refize w yon pèmi pwofesyonèl oswa yon pèmi pou biznis, pa ekzanp, nurse's aide, LPN, sekouris, RN, si dwa sivil ou yo pa retabli.
23. Si w pa ameriken epi w pa gen kat rezidans, yon kondanasyon oswa yon "withhold of adjudication" ka lakòz ou pa janm rive gen rezidans isit. Epi, yo kapab depòte w, menm si w gen rezidans.
24. W pa gen papyè, kit ou te plede koupab kit ou pat plede koupab, yo kapab depote w, mete w deyo ozetazini.
25. Apa kèk grenn eksepsyon, y ap oblije w enskri non w nan lis delenkan seksyèl ak predatè seksyèl si yo jwenn ou koupab de agresyon seksyèl. Ou pa p kapab viv nenpòt ki kote w vle. Yo pral afiche foto w, non w ak adrès ou sou sit entènèt Depatman FDLE eta Florid la.
26. Si arestasyon w lan, kondanasyon w lan oswa "withhold of adjudication" w lan se pou yon zak ki gen rapò ak sèks, yo kapab sèvi ak li kont ou alavni pou yo kenbe w nan prizon pandan anpil tan menm apre w fin pije pèn ou.

Pou plis enfòmasyon, al sou sit entènèt www.pdmiami.com/consequencesmanual.pdf

YO EKRI DOKIMAN SILA A POU REZON EDIKATIF SÈLMAN E LI PA REPREZANTE KONSÈY LEGAL.